

## DURJANA

Arswendo Atmowiloto

Klakoné crita iki ana ing panggonan kang ora ana bédané karo panggonan liya. Sing dadi paraga sawijining durjana, gawéyané maling. Durjana mau klebu onjo lan wasis. Jenengé: Durjana Onjo. Undang-undangane: arang banget sing undang-undang dhèwèké. Malah sing sapa aruh baé utawa ngajak manthuk, durung tau diprangguli. Amarga Durjana Onjo ora seneng lan ora ora gelem sawung.

Saupama iki tonil, layar dibukak nalika Durjana Onjo lagi jumangkah mlebu menyang sawijining omah. Tangané kalem nyongkèl grèndhèl, lan kaya mlaku ana omahé dhéwé. Durjana Onjo milang-miling. Ngliwati kamar ngarep, mlebu kamar tengah, menyang kamar mburi, mèmsem kalegan ing sangarepé kamar kancingan. Durjana Onjo wis apal marang kahanané kamar, amarga rong ndina sadurungé dhèwèké wis ngapalaké.

Saklebatan baé Durjana Onjo wis ngerti apa kang bisa digawa. Bangsané raja-brana ing lemari, ketambahan jam wekker, cemara dawa, sandhangan bedinan lan sandhangan pésta, apa déné radhio cilik lan piranti mesin jahit. Lan apa sing kumlébat ing pikirané ditindakaké. Kabéh dibuntel nganggo taplak. Iki kabeh ditindakaké kanthi cèkat-cèket tanpa ana swara. Sanajan ing papan kono dipasang *tape recorder*, ora bakal keprungu apa-apa sanajan mung swara napas ngangsur. Malah yén dianggep swara, swarané priyayi ngorok ing kamar.

Rampung anggoné ngukuti, Durjana Onjo terus jumangkah metu. Kocapa, nalika sikilé lagi arep jumangkah ngliwati lawang kupingé krungu swara thak-thik, thak-thik. Bathuké njengkerut. Swara mau ditiling-tilingaké. Isih keprungu: thak-thik, thak, thik (meneng sedhèla), thik, (meneng rada sauntara), thik.

Ora sranta atiné. Durjana Onjo nyengkelak bali. Batiné ngunandika: isih ana sing tangi. Nanging sajaké lagi ana sing wigati nganti ora ngerti tekaku. Aku ngerti sing wigati mau: sing duwé omah lagi ngetik (Durjana Onjo ngingen ing sela-selaning lawang).

Tenan, pangudarané, ana bocah lanang bagus lagi ngetik. Bathuké jengkerut, lambéné rapet, mripaté njureng, kupingé njepiping, drijiné sajak gatelen, linggih ing samburining mesin tik, ing sandhingé dluwang pating becècèr, kebak orèk-orèkan.

Durjana Onjo ngelus dhadhané sajak kagèt. Satemené dhèwèké panci kagèt!

“Wong lanang bagus kuwi lagi ngarang! Genah. Milih wektu ing tengah wengi sepi supaya ora keganggu. Anggoné ngepengaké tenanan, nganti ora ngerti aku mlebu. Wong

lanang mau tenanan. Ora bakal klèru pandugaku. Dhèwèke lagi golèk ukara sing cocog kanggo nggambaraké karepé. Ah, luwih akèh manèh dluwang sing kemléyang”.

Durjana Onjo ngeremaké mripaté. Ana sing ngawang-ngawang ing tlapukané. Kèlingan lelakoné dhéwé. Nalika umuré padha wong lanang bagus kuwi dhèwèké uga kepéngin dadi pengarang. Bengi-bengi ngarang. Lan lali ngancingi lawang. Ésuké lagi ngerti yèn enték-entékan. Kabèh barangé diangkut maling.

Wiwit dina kuwi dhèwèké dadi durjana!

Anggoné dadi durjana tetéla suksès. Nganti bisa tuku mesin tik. Nanging atiné kebacut nglokro. Tékode sing mauné dadi pengarang, saiki ganti dadi durjana. Dhèwèké kepéngin marèni nanging ora bisa. Karangané ora ana sing gelem nampa, kamangka dhèwèké kepéngin nerusaké lan butuh urip.

Sidané: terus dadi durjana.

Ora krasa luhé mili sadawané pipi.

“Luwih becik aku ora nggawa barang-barang iki. Ora wurung, bocah lanang bagus iki uga dadi durjana. Kaya awakku. Yèn sésuk weruh barang-barangé ilang kabèh, bocah lanang bagus kuwi bakal golèk liru. Saranané dadi durjana. Lan ing sawijining wektu bocah lanang bagus iki – mesthiné jenengé Durjana Bagus – mlebu ing omahé pengarang. Ésuké, ana pengarang dadi durjana. Yèn kaya mengkono terus-terusan .....

Durjana Onjo krasa luhé luwih mbrebel.

“Yèn takwurungaké tumindakku, aku ora ndadèkaké pirang-pirang pengarang malih dadi durjana”.

Durjana Onjo ngusap eluhé. Barang-barang sing wis dibuntel taplak ditinggal. Dhèwèké bali metu, tanpa nggawa apa-apa. Saupama ditakoni apa kang digawa, dhèwèké bakal mangsuli: aku metu nggawa ati marem.

Nalika Durjana Onjo tekan plataran, bocah lanang bagus mau nutugaké ngetik amplop. Banjur njupuk prangko, lan dilem pisan. Swarané keprungu alon, karo nyawang amplop ing tangané lan dluwang sing ngebaki jogan: “Sidané ora ana ruginé kèlangan dluwang semono akèhé layang iki dadi. Nimah Susanti, yèn layang iki takposakè bengi iki, sésuk soré wis tekan pangkonmu”.

Wong lanang bagus mau mèmsem karo ngambung amplop.

\*\*\*\*\*

*Jaya Baya*, No. 25, 1 Maret 1970